

D+S

M

**Bondié sitèlman rinmin tè-a**

Jn 3,14-21

4<sup>ème</sup> dimanche de Carême BMusique : 23-03-2009 : St Victorin  
30-03-2009 : St AmédéeParoles : 06-04-2009 : St Marcellin  
13-04-2009, lundi de Pâques,  
Notre-Dame de Vie**R. Bondié sitèlman rinmin tè-a****Li voyé sèl grinn Pitit li-a,  
Pou tout moun ki kouè nan li,  
Li pa péri, min pou-l ginyin  
Lavi k-pap janm fini ;  
Bondié pa voyé Pitit li-a sou tè-a  
Pou-l jijé-l, min pou tè-a sové.**

Jn 3,16-17

- |   |         |  |  |
|---|---------|--|--|
| 1. Minm jan Moyiz <i>lévé</i><br>Sèpan-an nan dézè-a,<br>Konsa Pitit Moun nan,<br>Yo gin pou yo <i>lévé</i> -l. | Jn 3,14 | 7. Bondié rich nan pitié ;<br>Li si tèlman rinmin-n<br>Nou mouri ak péché,<br>Li fè-n viv nan Kris la. | Ep 2,4-5a                                |
| 2. Tout moun ki kouè nan li,<br>Li pa gin doua péri,<br>Min l-ap ginyin lavi<br>K-ap diré pou tout tan.         | Jn 3,15 | 8. Nou sové nan lagras,<br>Bondié résisité-n,<br>Li fè-n chita nan sièl<br>Ansanm ak Jézu-Kri.         | Ep 2,5b-6                                |
| 3. Moun nan ki kouè nan li,<br>Li pap sibi jijman ;<br>Min sa-k pa kouè-a minm,<br>Li déjà fi-n jijé.           | Jn 3,18 | 9. Li té vlé démontré<br>Richès lagras li-a<br>K-ap koulé nan bon kè-l<br>Pou nou nan Kris Jézu.       | Ep 2,7                                   |
| 4. Min ki sa jijman-an yé :<br>Limiè-a vi-n sou tè,<br>Moun yo rinmin fènoua<br>Plis pasé limiè-a.              | Jn 3,19 | 10. Ak gras la nou sové<br>Pa lantrémiz lafoua ;<br>Sa pa soti nan nou,<br>Sé kado Bondié-a.           | Ep 2,8                                   |
| 5. Tout moun ki fè sa-k mal,<br>Li pa vi-n nan limiè,<br>Pou yo pa reproché<br>Aksion-l yo ki mové.             | Jn 3,20 | 11. Sa pa soti ditou<br>Nan aksion nou t-a fè,<br>Pou moun pa lévé tèt<br>Antan l-ap fè lògèy.         | Ep 2,9                                   |
| 6. Sa-k fè lavérité<br>Li vini nan limiè,<br>Pou aksion-l yo parèt<br>Yo soti nan Bondié.                       | Jn 3,21 | 12. Nou sé travay Bondié,<br>Kréyé nan Kris Jézu<br>Pou bon aksion l-paré<br>Pou nou maché nan yo.     | Ep 2,10                                  |
|   |         | 13. Bondié fè pèp li-a<br>Tounin sot nan légzil,<br>Fini lamantasion<br>Bò riviè Babilòn.              | 2 Ch 36,23 ;<br>Is 40,1-11<br>Ps 137,1-6 |